

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA JENERAL
AK JEOGRAFI****Mèkredi**, 13 jen 2007 — 1:15 pou 4:15 apremidi, sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la yo. Epi ale nan dènye paj nan ti liv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Pati I an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Apre sa, mete enfòmasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj ti liv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsse pou w ekri repons yo.

Pati I a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons ki apa a.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Pati III** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan Pati III a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan ti liv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Pati III a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Pati I a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo pap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon aparèy kominikasyon entèdi pandan egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.


PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI

Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (1–50): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe a *nimewo* mo oubyen ekspresyon nan tout sa yo bay yo, ki pi byen konplete deklarasyon oubyen reponn kesyon yo.

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 an.



Sous: Charles F. Gritzner, *Exploring Our World, Past and Present*, D. C. Heath and Company (adapte)

1 Objektif prensipal kat sa a se pou montre anplasman

- (1) wout echanj etranje yo
- (2) sistèm kwayans anvan yo
- (3) sivilizasyon nan vale rivyè
- (4) plas antèman ansyen dirijan yo

2 Ki syantifik sosyal ki espesyalize nan etid pwoblèm tankou mank resous ak byen disponib?

- (1) antwopològ
- (2) sosyològ
- (3) ekonomis
- (4) akeyològ

3 Ki karakterisk jeografik yo plis ka montre sou yon kat fizik?

- (1) dansite popilasyon
- (2) zòn vejetasyon
- (3) klima
- (4) kalite mòn

4 Ki sosyete ki te pratike demokrasi dirèk?

- (1) Atèn Ansyen
- (2) Dinasti Lachin
- (3) Anpi Goupta
- (4) Koumansman Ejip

5 Sistèm kas la nan Lend te karakterize pa

- (1) tolerans pou diferan kwayans relijye
- (2) egalite ant gason ak fanm
- (3) yon mank mobilite sosyal
- (4) dwa pou moun chwazi okipasyon yo

6 Ki kwayans ki asosye plis ak filozofi Konfisyanis?

- (1) nivana
- (2) reyenkanasyon
- (3) lapriyè
- (4) pyete filyal


7 Kisa ki te youn nan rezilta gwo lame ki tap vwayaje gran distans pandan Kwazad yo?

- (1) Popilasyon Ewòp la te bese anpil.
- (2) Demokrasi nan Mwayennoryan te ogmante.
- (3) Difizyon kiltirèl te ogmante.
- (4) Yo te elimine esklavaj.

8 Konstantinòp te yon vil ki t ap devlope nan ane 1200 yo prensipalman poutèt kote li ye sou yon gwo wout echanj ant

- (1) Lachin ak Afrik di sid
- (2) Oseyan Atlantik ak Lamè Baltik
- (3) Anpi Enka ak Anpi Aztèk
- (4) Azi ak Lewòp delès


Sèvi ak foto ki anba yo epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 la.



9 Akonplisman achitekti sa yo pi byen endike

- (1) te gen teknoloji avanse nan sivilizasyon anvan yo
- (2) relijyon pat gen anpil enpòtans
- (3) Amizman te enpòtan pou ansyen sosyete sa yo
- (4) wout echanj yo te egziste ant Lachin ak Lamerik

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 10 la.




Sous: *Asian History on File, Facts on File, The Diagram Group* (adapte)

10 Kat sa a montre Wout Swa a

- (1) travèsè Lafrik ak Lazi
- (2) te sitiye prensipalman nan Lazi
- (3) swiv yon sèl wout
- (4) te kòmanse nan Kotan

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 la.

Afrik Lwès, 800-1500



Sous: Patrick K. O'Brien, ed., *Oxford Atlas of World History*, Oxford University Press (adapte)

11 Selon kat la, ki konklizyon ki ka pi byen fèt sou rejyon sa a?

- (1) Dezè Sahara te sèvi tankou yon baryè kont echanj.
- (2) Rivyè yo te sèvi kòm wout echanj prensipal pou tout rejyon an.
- (3) Anpil koneksyon echanj yo te enfliyanse ekonomi rejyon an.
- (4) Yo te fè echanj byen ki sot nan Gòlf Ginen an dirèkteman ak vil Anglè yo.

12 Tèm *Bushido*, *samurai*, ak *daimyo* te plis asosye ak ki gwoup nan listwa japonè?

- (1) anprè yo
- (2) gèrye yo
- (3) peyizan yo
- (4) komèsan yo

13 Nan lane 1453, Anpi Ottoman an te vin opouvwa lè yo ranvèse

- (1) Anpi Sen Women
- (2) Ewopeyen kap fè kwazad yo
- (3) Anpi Bizanten
- (4) Anvayisè Mongòl yo

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 14 ak 15 yo.



Sous: *American History, Historical Outline Map Book*, Prentice Hall (adapte)

14 Ki lèt ki idantifye rejyon Mòn Kòdilyè dèzand yo kote etablisman Enka yo te ye a?

- (1) A (3) C
(2) B (4) D

15 Lèt C a endike yon zòn nan Amerik Latin nan ki te plis kolonize pa

- (1) Olandè yo (3) Anglè yo
(2) Pòtigè yo (4) Fransè yo

16 • Pap Leo otorize lavant endiljans, 1515
• Marthin Luther poste Tèz katreven kenz 1517

Evenman sa yo te plis asosye ak

- (1) Refòm Pwotestan
(2) Kwazad
(3) Laj Rezon
(4) Revolisyon Piriten

17 Yon kontribisyon John Locke te fè nan filozofi Limyè a se te lide

- (1) monachi absoli dwe kontinye
(2) pinisyon dwe egal ak krim
(3) dwa endividyèl yo dwe inyore
(4) gouvènman dwe baze sou konsantman moun

18 Kisa ki te yon rezilta prensipal Revolisyon Glorye a?

- (1) Napoleyon te retounen sou pouvwa.
(2) Langletè te limite monachi li plis.
(3) Oliver Cromwell te vin lidè Langletè.
(4) Spanish Armada a te pran echèk.

19 Yon etid revolisyon nan Amerikdisid nan 19yèm syèk la te montre

- (1) relijyon sete yon kòz prensipal konfli yo
(2) Panyòl ki fèt nan penensil yo te dirije pi fò nan leve kanpe Amerik Latin yo
(3) nasyonalis pat gen anpil enflyans sou rezilta a
(4) evenman nan Amerik Dinò ak Lewòp yo te enflyanse moun Amerik Latin yo

20 Yon rezon prensipal ki fè Revolisyon Endistriyèl la te kòmanse Langletè sete poutèt Langletè te posede

- (1) yon lakòt ki lis
(2) resous chabon ak fè an abondans
(3) anpil kaskad dlo
(4) anpil mòn an chèn

21 Kisa ki te rezilta dirèk famin mas pèp la nan Iland nan fen lane 1840 yo?

- (1) ekspansyon Revolisyon Vèt la nan Iland
(2) Ilandè yo aksepte lwa Anglè yo
(3) migrasyon anpil Ilandè nan lòt peyi
(4) kreyasyon yon ekonomi miks nan Iland

22 Ki moun ki te asosye ak fraz *san ak fè* a ki anrapò ak inifikasyon Lalmay?

- (1) Otto von Bismarck
(2) Giuseppe Garibaldi
(3) Kaiser Wilhelm II
(4) Kont Camillo di Cavour

23 Ki deklarasyon Darwinis Sosyal yo ta plis sipòte?

- (1) Sifraj Inivèsèl se yon dwa imen debaz.
- (2) Egalite politik ranfòse efikasite gouvènman.
- (3) Gwoup ki pi fò gen dwa pou dirije epi kontwòle gwoup ki pi fèb.
- (4) Edikasyon piblik dwe garanti pou tout manm yon sosyete.

24 Yon resanblans ant Mitinri Sipay la ak Rebelyon Bokse a genyen sèke yo

- (1) te opoze a enperyalis Ewopeyen
- (2) te mete fen a yon disnasti ki te etabli
- (3) te vin lakoz redistribisyon tè
- (4) te mete souplas gouvènman kominis

25 Kisa ki te rezilta dirèk Premyè Gè Mondyal la?

- (1) Nicholas II te nonmen Za Larisi.
- (2) Lalmay te pèdi koloni nan Lafrik ak Lazi.
- (3) Yon teroris late asasinan Franz Ferdinand.
- (4) Anpi Ottoman te agrandi.

26 Ki deklarasyon ki vre sou toude Revolisyon Bolchevik nan Larisi ak fachis ki tap vale teren nan Lalmay ak Litali?

- (1) Kondisyon ekonomik yo vin fè gen chanjman politik.
- (2) Endistriyalizasyon anpeche devlopman nasyonal.
- (3) Yo rive atenn objektif yo ak mwayen pezib.
- (4) Ideyal kominis yo ankouraje toude mouvman yo.

27 Tèm *apezman* an pi byen defini kòm

- (1) yon mwayen pou anpeche konfli lè w fè volonte yon agresè
- (2) yon peryòd lapè ak pwosperite, ki vin fè gen akonplisman kiltirèl
- (3) yon deklarasyon lagè ant de oswa plis nasyon
- (4) yon akò ki retire baryè ekonomik ant nasyon yo

Sèvi ak kat anba a epi ak konsepsyon ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 28 la.



28 Kisa ki pi bon tit pou kat sa a?


- (1) Dominans Manchukuo
- (2) Ekspansyon Enperyal Japonè
- (3) Wout Echanj Azi Delès
- (4) Resous Natirèl Lachin ak Japon

29 “Mussolini Atake Etyopi” (1935)
“Lalmay rebran Rhineland” (1936)
“Lalmay ak Larisi divize Lapolòy” (1939)

Yo ka sèvi ak gwo tit sa yo pou montre feblès

- (1) Etazini
- (2) Kongrè Vyèn
- (3) Pak Warsaw
- (4) Lig Nasyon

Sèvi ak tablo kwonolojik ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 30 la.



30 Ki nasyon ki te plis enplike dirèkteman nan evenman yo montre nan dire tan sa a?

- | | |
|-----------------------|---------------------|
| (1) Mongoli ak Lachin | (3) Buma ak Tailann |
| (2) Lend ak Pakistan | (4) Kanbòdj ak Laos |

31 Ki nasyon kominis ki te plis asosye ak lidèchip Ho Chi Minh nan epi ak abandon Saigon an?

- (1) Kore Dinò
- (2) Inyon Sovyetik
- (3) Vyetnam
- (4) Moun Repiblik Lachin yo

32 Yon similarite ant gwoup Solidarite Lapolòy nan ane 1980 yo ak manifestan Chinwa yo nan Tiananmen Square nan lane 1989 se toude gwoup yo te

- (1) sipòte mouvman pou demokrasi
- (2) gen siksè pou mete fen nan kominis
- (3) ankouraje okipasyon militè pa Inyon Sovyetik
- (4) favorize ogmantasyon depans militè

33 Eta Hong Kong nan chanje an jiyè 1997 lè vil la

- (1) te retounen nan men Lachin
- (2) te fèmen a echanj entènasyonal
- (3) te vin yon nasyon endepandan
- (4) te adopte yon ekonomi kapitalis

34 Refòm perestroyika ak glasnost Mikhail Gorbachev la te fè gen

- (1) yon atmosfè lapè nan lemond ak pwosperite Sovyetik
- (2) kondisyon ki te ede mennen a separasyon Inyon Sovyetik
- (3) yon tranzisyon ki byen pase a yon ekonomi dirije nan Larisi
- (4) Baboukèt nan bouch estasyon ki bay nouvèl nan Larisi

35 Gouvènman Augusto Pinochet, Saddam Hussein ak Slobodan Milosevic se egzanp

- (1) monachi absoli
- (2) rejim opresif
- (3) repiblik demokratik
- (4) teyokrasi Islamik

36 Yon resanblans ant lagè, konfli relijye ak dezaz natirèl sèke sityasyon sa yo kapab lakòz

- (1) yon gwo kantite migrasyon moun
- (2) estabilite ekonomik
- (3) yon ogmantasyon esperans lavi
- (4) rechofman planèt la

Sèvi ak tèks ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 37 ak 38 yo.

. . . Anvan tou, nou vle dwa politik egal, paske san yo enkapasite nou ap pèmanan. Mwen konnen sa a se yon bagay ki parèt revolisyonè pou Blan nan peyi sa a, paske majorite moun ki pral vote yo se Afriken. Sa a fè moun Blan pè demokrasi.

Men nou paka pèmèt laperèz sa a kanpe nan chemen sèl solisyon ki pral garanti yon amoni ant tout ras yo epi ak libète pou tout moun. Li pa yon verite lè yo di afranchizasyon [dwa pou vote] tout moun pral fè gen dominasyon rasyal. Divizyon politik, baze sou koulè, atifisyèl nèt epi, lè li disparèt, dominasyon yon ras sou yon lòt ap disparèt tou. ANC a [Kongrè Nasyonal Afriken an] pase mwatye yon syèk ap goumen kont prejije rasyal. Lè li triyonfe li pap chanje règleman sa a. . . .

— Nelson Mandela, Diskou nan Pwosè Rivonia, 1964

37 Tèks sa a dekri opozisyon Kongrè Nasyonal Afriken an a

- (1) renesans kolonyalis
- (2) rivalite ant tribi
- (3) pratik apated
- (4) entwodiksyon yon gouvènman koalizyon


38 Ki jeneralizasyon tèks sa a ka sipòte?

- (1) Rasis disparèt nan Afrik Disid.
- (2) Kongrè Nasyonal Afriken an chanje objektif sosyal li.
- (3) Bay Afriken nwa yo vòt ap mennen nan dominasyon rasyal.
- (4) Nelson Mandela te kont divizyon politik ki baze sou koulè.

39 Kim Jong II ak Fidel Castro se dirijan 21yèm syèk ki kwè nan lide

- (1) Karl Marx
- (2) Adam Smith
- (3) Siddhartha Gautama
- (4) Jean-Jacques Rousseau

Sèvi ak ti komik ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 40 ak 41 yo.



Sous: Jeff Koterba, *Omaha World Herald*, 2003 (adapte)

40 Ki lide prensipal ti komik 2003 sa a?

- (1) Gen pwoblèm ki pou rezoud sou chemen lapè.
- (2) Colin Powell retire baryè pou rive jwenn lapè.
- (3) Toude gwoup yo te rive jwenn yon akò sou chemen ki mennen bay lapè.
- (4) Chemen lapè a desine ak prekosyon.

41 Ti komik 2003 sa a montre lit ant Palestinyen yo ak

- (1) Irakyan yo
- (2) Amas yo
- (3) Ejipsyen yo
- (4) Izrayelyen yo

42 Ki tit ki pi ale ak deskripsyon an pati ki anba a?

- I. _____
- A. Inifikasyon Itali
 - B. Fòmasyon Kongrè Nasyonal Endyen
 - C. Fondasyon Lig Mizilman an
 - D. Separasyon Otrich-Ongri

- (1) Tansyon Lagè Fwad
- (2) Efè Nasyonalis
- (3) Kòz Dezyèm Gè Mondyal
- (4) Rezilta Revolisyon Ekonomik yo

- 43 A. Kwazad
 B. Chit Anpi Women an
 C. Laj Lò Lagrès
 D. Renesans

Ki sekans lèt ki mete evenman sa yo nan bon lòd kwonolojik?

- (1) $A \rightarrow B \rightarrow C \rightarrow D$
 (2) $D \rightarrow C \rightarrow B \rightarrow A$
 (3) $C \rightarrow B \rightarrow A \rightarrow D$
 (4) $C \rightarrow D \rightarrow B \rightarrow A$

- 44 Yon resanblans ant Asoka, Mansa Musa, ak Suleiman Manyifik se yo tout
 (1) te mete repiblik sou pye
 (2) te dirije mouvman nasyonalis
 (3) te dirije pandan tan pwosperite
 (4) te dekouraje avansman syantifik

Sèvi ak tèks ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 45 ak 46 yo.

. . . Ou ka santi pouvwa Bondye nan yon moman soti nan yon pwent lemonn rive nan lòt pwent la: pouvwa wayal la aji anmenm tan nan tout wayom nan. Li kenbe tout wayom nan an pozisyon menmjan Bondye kenbe tout lemonn.


Si Bondye retire men li, lemonn nèt ap redwi a anyen: si otorite fini nan wayom nan, tout bagay ap tonbe nan konfizyon. . . .

— Bishop Jacques-Benigne Bossuet

- 45 Tèks sa a dekri lide
 (1) règleman dwa diven
 (2) demokrasi palmantè
 (3) Maksis
 (4) totalitaris
- 46 Ki epòk istorik ki te plis asosye ak tèks sa a?
 (1) Revolisyon Endistriyèl
 (2) Revolisyon Agrikòl
 (3) Laj Enperyalis
 (4) Laj Absolutis

Sèvi ak ti komik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 47 la.

Kapitalis pral kraze Larisi!



Sous: Student Artwork, Shaneekwa Miller, Fashion Industries High School (adapte)

- 47 Ki peryòd nan listwa ti komik sa a montre?
 (1) Revolisyon Endistriyèl
 (2) Laj Limyè
 (3) Laj Enperyalis
 (4) Lagè Fwad
-
- 48 Ki sityasyon ki pi byen demontre konsèp izolasyonis la?
 (1) Gouvènman Panyòl la mande pou yo pote dirèkteman bay Lespay lò yo jwenn nan koloni yo.
 (2) Japon fèmen pò li pou mete fen nan echanj ak lòt nasyon.
 (3) Lafrans, Lalmay, Labèljik, ak Grand Bretay negosye pou divize plizyè zòn Lafrik an koloni.
 (4) Anglè yo itilize dirijan lokal yo pou kontwole pi fò lend.

49 “Bonbademan, baraj, rido dife, min, gaz, chadegè, mitrayèt, grenad — tou sa se mo, se mo, men yo kenbe laterè nan lemonn.”

— Erich Maria Remarque,
All Quiet on the Western Front

Sitasyon sa a pi byen dekri efè

- (1) devlopman teknolojik yo te itilize nan Premyè Gè Mondyal la
- (2) fòmasyon alyans nan Dezyèm Gè Mondyal
- (3) tansyon ant gran pisans yo pandan Gè Fwad la
- (4) manifestasyon kont refòm pandan mouvman endepandans Endyen an

50 Yon resanblans nan lidèchip Simón Bolívar ak Jomo Kenyatta a se toude se lidè ki

- (1) te fè pwopagann kontwòl Lewòp sou Lamerik
- (2) te vin lidè relijye nan peyi yo
- (3) te kontwole gwo kantite tè nan Lamerik
- (4) te batay pou endepandans anba kontwòl Ewopeyen yo

Repons kesyon disètasyon yo dwe ekri nan yon ti liv disètasyon apa a.

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, asire ou panse a definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale de li”
- (b) **eksplike** vle di “pou rann fasil oswa konpreyansib; pou bay rezon oswa lakoz; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (c) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak agiman; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON DISÈTASYON TEMATIK

Eksplikasyon: Ekri yon disètasyon byen òganize ki genyen ladan li yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale de sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Chanjman Politik

Anpil fwa, gouvènman mete règleman sou pye pou eseye chanje sosyete.

Sa pou fè:

Chwazi **yon** egzanp nan istwa jeneral kote yon gouvènman eseye chanje sosyete epi

- Dekri chanjman gouvènman an te vle fè a
- Eksplike pou kisa gouvènman an te vle fè chanjman sa a
- Dekri **yon** règleman espesifik gouvènman an te itilize pou eseye fè chanjman sa a
- Diskite kouman yo rive fè chanjman sa a

Ou ka sèvi ak nenpòt egzanp chanjman gouvènman nan sa w etidye nan istwa global. Kèk sijesyon ou ta vle konsidere se jefò pou ranfòse Anpi Mali a sou kontwòl Mansa Musa, Refòm nan Angletè sou kontwòl Henry VIII, oksidantalizasyon Larisi sou kontwòl Peter Legran, Wayom Terè pandan Revolisyon Fransèz la sou kontwòl Robespierre, Restorasyon Meiji nan Japon sou kontwòl Anprè Meiji, modènizasyon Latiki sou kontwòl Atatürk, plan senk lane nan Inyon Sovyetik sou kontwòl Joseph Stalin, fachism nan Itali sou kontwòl Benito Mussolini ak règ sou lwil nan Venezuela sou kontwòl Hugo Chavez. **Menm si ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman, ou pa ka sèvi ak kominis anba kontwòl Mao Zedong oubyen Deng Xiaoping kòm egzanp chanjman gouvènmantal.**

Pa sèvi ak yon egzanp chanjman gouvènmantal nan Etazini kòm repons ou.

Gid:

Nan disètasyon ou a, asire w

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm la ak reyalite, egzanp, ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon lojik ki klè, pandan wap mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Nan devlopman repons ou a pou Pati III, asire w ou panse a definisyon jeneral sa yo:

- (a) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pou pale de li”
- (b) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezonman ak prèv; prezante ak kèk detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avè l yo. Kesyon an la pou teste abilite w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa yo menm. Pandan w ap analize dokiman sa yo, panse ak sous chak dokiman epi nennpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Atravè listwa, diferan sistèm ekonomik te enfluyans nasyon, rejyon ak moun espesifik. Sistèm sa yo se **manoryalis** pandan Mwayennaj nan Ewòp Delwès, **mèkantilis** nan Laj Eksplorasyon an ak **kominis** nan Lachin apre Dezyèm Gè Mondyal.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa jeneral pou reponn kesyon yo ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons kesyon yo ap ede ou ekri pati B distètasyon an kote yo ap mande pou w

Chwazi **de** nan sistèm ekonomik yo mansyone nan kontèks istorik la epi pou **chak**


- Dekri karakteristik sistèm ekonomik la
- Diskite enpak sistèm ekonomik la sou yon nasyon oswa rejyon oswa yon gwoup moun espesifik

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Eksplikasyon: Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1



Sous: Kime and Stich, *Global History and Geography*, STARReview, N & N Publishing Company

1 Baze ou sou dyagram sa a pou bay *yon* karakteristik ekonomik manwa medyeval la. [1]

Score

Dokiman 2

Lokatè nan yon manwa te dwe mèt yo sèvis. Yo fè lis kèk nan sèvis sa yo anba a.

. . . Pou pote fimye pou de jou, ak yon bourèt ak de bèf, pou jwenn manje tankou anvan [3 repa pa jou];

Pou jwenn yon moun pou sekle tè pou de jou kap jwenn manje menmjan li make pi wo a; yo estime li ka sekle 1 1/2 kawo tè nan de jou;

Pou ranmase epi leve zèb ki tèlman sekle, pou jwenn 2 repa pou yon moun;

Pou pote zèb mèt la pou yon jou ak yon bourèt ak twa nan pwòp bèt pa lokatè yo, pou jwenn 3 repa menmjan ak anvan;

Pou pote pwa ak avwàn pou de jou pandan prentan an, ak bwa pou de jou pandan ete a, menmjan an epi ak menm manje anvan an; . . .

Sous: S. R. Scargill-Bird, ed., *Customals of Battle Abbey in the Reigns of Edward I and Edward II (1283–1312)*, The Camden Society (adapte)

2a Baze sou *Customal nan Batay Abbey* la, bay **yon** avantaj mèt la te resevwa anba rejim manoryalis la. [1]

Score

b Baze sou *Customals nan Batay Abbey* la, bay **yon** avantaj lokatè yo te resevwa anba rejim manoryalis la. [1]

Score

Dokiman 3

. . . Akoz nesesite, manwa a te yon divizyon ki te otosifizan malgre difikilte transpò ki te egziste anpil nan peryòd la. Echanj entènasyonal la te fèt sèlman pou reponn a demann rich yo epi li te plis nan men etranje [diferan moun]- Grèk, jwif, mizilman. Sosyete lokal yo pat prèske sèvi ak lajan. Se echanj lokal ki te fèt, li te fèt sou fòm twòk. Ti kantite echanj entènasyonal ki t ap fèt la te anpeche [retire] bezwen pou fè pyès annò. Carolingians yo te fè pyès annajan sèlman, ki se sa sèlman yo te bezwen, lè pyès annajan ki te pi piti a te ka achte yon bèf. Lè yo te bezwen pyès annò, yo te sèvi ak pyès Bizanten epi ak pyès Mizilman. . . .

Sous: Norman F. Cantor, *The Civilization of the Middle Ages*, Harper Perennial

3 Dapre Norman Cantor, ki **de** fason manoryalis te enfliyanse ekonomi Lewòp? [2]

(1) _____


Score

(2) _____

Score

Dokiman 4

Agiman Mèkantilis la pou Ekspansyon Kolonyal




Sous: Philip Dorf, *Our Early Heritage: Ancient and Medieval History*, Oxford Book Company (adapte)

4 Dapre ti komik sa a Philip Dorf desine a, kisa ki *youn* nan karakteristik mèkantilis selon manman peyi a? [1]

Score

Dokiman 5



Sous: Historical Maps on File, Revised Edition (adapte)

5 Baze sou kat sa a, bay **youn** nan konsekans echanj Atlantik la. [1]

Score

Dokiman 6

Sa a se yon ekstrè yon lèt Michele Soriano ekri nan ane 1559 sou entèraksyon Lespay ak koloni li yo nan Lamerik.

. . . Soti nan Nouvo Lespay yo jwenn lò ak ajan, còksinèl, (kise ti bèt tankou mouch) yo fè tenti kramwazi ak li, kwi, koton, sik ak lòt bagay; men nan Peru yo pa jwenn anyen eksepte mineral. Yon senkyèm nan tout sa ki pwodwi a ale jwenn wa a, men kòm yo pote lò ak ajan an Lespay, epi li gen yon dizyèm ladanl ki ale nan fè pyès monnen rafine, finalman li vin gen yon ka nan tout sòm la. Ka sa a pa depase kat oswa senk san mil dika, malgre li pa kalkile pou kont li an milyon, men an milyon liv. Byenke li pa gen anpil chans pou li rete a kantite sa a, paske yo pa jwenn gwo kantite lò oswa ajan ankò sou sifas Latè, jan yo te konn jwenn anvan; sa mande pi plis jefò pou rive nan fen fon latè, kapasite ak mendèv, epi Panyòl yo pat vle fè travay sa yo menm. Yo pa ka fòse natif natal yo pou fè sa, pase Anprè a libere yo de tout obligasyon sèvis depi yo aksepte relijyon Kristianis la. Kidonk, li vin nesèsè pou pran esklav nwa [Afriken nan esklavaj], ki te soti sou kot Lafrik, andedan ak andeyò mache a. Yap vann pi chè chak jou akòz repitasyon mank fòs kouraj natirèl Afriken nan esklavaj yo ak chanjman klima a, ajoute sou mank swen mèt yo ba yo, ak ti kras manje yo resevwa, sa ki fè travay la vin pi di pou yo. Yo vin tonbe malad epi pifò nan yo mouri. . . .

Sous: Merrick Whitcomb, ed., "The Gold of The Indies — 1559," *Translations and Reprints from the Original Sources of European History*, The Department of History of the University of Pennsylvania

6 Selon Michele Soriano, ki **youn** nan enfliyans lò ak ajan te gen sou Lespay? [1]

Score

Dokiman 7

Sa a se yon ekstrè nan Chapit 1, Prensip Jeneral, 1954 la “Konstitisyon Moun Repiblik Lachin”

Atik 1 Repiblik Moun Lachin se yon eta demokratik moun ki dirije pa yon klas travayè epi ki baze sou inyon travayè ak peyizan yo.

Atik 6 Sektè eta ekonomi an se sektè sosyalis la tout pèp la posede. Li se fòs kap mennen nan ekonomi nasyonal la ak baz materyèl la kote eta a fè transfòmasyon sosyalis yo. Eta a asire priyorite pou devlopman sektè eta ekonomi an.

Tout resous mineral ak dlo yo, menm forè yo tou, tè ki pa devlope yo ak lòt resous leta posede selon lalawa, se byen tout pèp la.

Atik 7 Sektè kowoperatif ekonomi a se swa sosyalis, lè tout mas moun kap travay yo posede l, oubyen semi- sosyalis, lè mas moun kap travay la posede an pati. Lè mas moun kap travay la posede an pati sa vle di yon fòm tranzisyonèl kote chak peyizan, chak ouvriye atizanal ak lòt moun kap travay òganize yo pou avanse pou mas moun kap travay yo ka posede angwoup. . . .

Sous: *Constitutions of Asian Countries*, N. M. Tripathi Private

7 Selon atik “Konstitisyon Moun Repiblik Lachin” sa yo, bay **de** karakteristik sistèm ekonomik kominis la nan Lachin. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 8

Nan yon mwayen pou separe ak modèl kominis Ris la epi pou rive jwenn nasyon ki avanse yo, Mao te pwopoze pou Lachin fè yon “gwo pa alavan” nan modènizasyon. Li kòmanse yon Plan militan Senk Lane pou fè pwopagann pou teknoloji ak otosifizans agrikòl. San bat je, yo te detwi bon jaden diri, epi yo te kòmanse konstwi faktori. Yo te entwodwi metòd travay entansif ak agrikilti sosyalize sou gwo echèl. Kanpay sa a mete soupye apeprè 23,500 komin, chak komin kontwole pwòp pwodiksyon li. Men ansyen fèmme yo pat gen okenn lide kouman pou yo itilize nouvo faktori yo epi tè ki te fèt yo vin gaspiye anpil. Gran Pa Alavan an te responsab pou famin nan lane 1960 ak 1961. Ven milyon moun te nan grangou, epi Mao Zedong retire kò li pou yon titan nan sèn piblik la.

Sous: BBC News, Special Reports, China's Communist Revolution

8 Dapre atik nan BBC News sa a, kisa ki se **yon** konsekans Gran Pa Alavan an te genyen sou ekonomi Lachin nan? [1]

Score

Dokiman 9

Sa a se yon ekstrè nan diskou “Nou Dwe Akselere Refòm” Deng Xiaoping te bay 12 jwen, 1987 lan.

. . . Lachin ap fè yon refòm kounye an. Mwen an favè tout bagay sa yo. Pa gen lòt solisyon pou nou. Apre plizyè lane pratik nou te vin wè ansyen bagay yo pat mache. Nan le pase nou te kopye modèl etranje yo san panse, sa te sèlman andikape [bloke] devlopman fòs pwodiktif nou yo, ki fè [lakòz] nou rete kanpe djanm sou lide nou epi anpeche moun ak sektè baz yo pran inisyativ. Nou fè kèk erè tou, tankou Gwo Pa Alavan an ak “revolisyon kiltirèl” [règleman Mao] ki te envansyon pa nou. Mwen ta di depi 1957 erè prensipal nou se te erè agoch. Revolisyon kiltirèl la se te yon erè agoch nèt. Pandan de deseni yo depi 1958 rive 1978, Lachin te rete sou plas. Pat gen anpil kwasans ekonomik epi pat gen anpil kwasans nan estanda vi pèp la. Kouman nou ka kontinye konsa san nou pa entwodwi refòm? Kidonk nan lane 1978, nan Twazyèm Sesyon Plenary Onzyèm Komite Santral la, nou te mete sou pye yon nouvo liy politik debaz: pou bay rechèch pou modènizasyon premye priyorite epi pou devlope fòs pwodiktif. Annakò ak panse sa a nou te mete sou pye yon seri prensip ak règ. Pi gwo règ yo se refòm ak règleman ouvè. Lè nou pale de refòm vle di yon bagay ki konpreyansif, ansanm ak refòm estrikti ekonomik ak politik epi ak chanjman ki koresponn nan tout lòt domèn. Règleman ouvè a vle di, louvri bay tout lòt peyi, kèlkeswa sistèm sosyal yo, epi louvri lakay, ki vle di akselere ekonomi domestik la. . . .

Sous: Deng Xiaoping, *Fundamental Issues in Present-Day China*, Foreign Languages Press, 1987

9 Selon Deng Xiaoping, ki **de** fason règleman ekonomik Mao Zedong nan te enfluyanse Lachin? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Pati B

Disètasyon

Eksplikasyon: Ekri yon disètasyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ak yon konklizyon. Itilize prèv ki soti omwens nan **kat** dokiman nan disètasyon w la. Sipòte repons ou a ak reyalite ki enpòtan, egzanp ak detay. Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote.

Kontèks istorik:

Atravè listwa, diferan sistèm ekonomik te enfliyanse nasyon, rejyon ak moun espesifik. Nan sistèm sa yo gen **manoryalis** pandan Mwayennaj nan Lewòp Delwès, **mèkantilis** pandan Laj Eksplorasyon an, ak **kominis** nan Lachin apre Dezyèm Gè Mondyal la.

Sa pou fè: Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa jeneral pou ekri yon disètasyon kote ou

Chwazi **de** nan sistèm ekonomik yo mansyone nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri karakteristik sistèm ekonomik la
- Diskite enpak sistèm ekonomik la sou yon nasyon **oswa** rejyon **oswa** yon gwoup moun espesifik

Gid:

Nan disètasyon w, asire w pou

- Devlope tout aspè sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan disètasyon w la ki soti nan *omwens kat* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm la ak reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan.

The University of the State of New York

Part I

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA JENERAL AK JEOGRAFI

Mèkredi, 13 jen 2007 — 1:15 pou 4:15 apremidi, sèlman

FÈY REPONS

Gason

Non Elèv la G/F: Fi

Non Pwofesè a

Non Lekòl la

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt ti liv redaksyon apa a.

- 1..... 26
2..... 27
3..... 28
4..... 29
5..... 30
6..... 31
7..... 32
8..... 33
9..... 34
10..... 35
11..... 36
12..... 37
13..... 38
14..... 39
15..... 40
16..... 41
17..... 42
18..... 43
19..... 44
20..... 45
21..... 46
22..... 47
23..... 48
24..... 49
25..... 50

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score []

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score []

Final Score (obtained from conversion chart) []

No. Right []

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, nan fen egzamen sa a, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

